ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЫАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№58 (22.966) • 2015 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 1, бэрэжьей • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Бахъсэн муниципальнэ щІыналъэм хыхьэ Бахъсэненкэ къуажэ жылагъуэм и щІыналъэм щыщ Іыхьэм мардэ пыухыкІахэр (карантин) щыгъэувыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

«Ныр Хь. Хь.» мэкъумэшыщІэ (фермер) хозяйствэм и щІыналъэм хьэщхьэрыІуэ уз зэуэлІа псэущхь кІыізэрыщагъуэтам кІыхэкІыу, «Ветеринарием и Іуэхукіэ» 1993 гъэм накъыгъэм и 14-м къащта Урысей Федерацэм и Закон №4979-1-м и 17-нэ статьям, апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкіэ и управленэм и унафэщІым 2015 гъэм гъатхэпэм и 26-м №МШ-05/190-м щІэту къигъэхьа тхыгъэм ящхь иткІэ икІи хьэщхьэрыІуэ узыр а щІыпІэм щыгъэкІуэдын мурадкІэ:

1. Бахъсэн муниципальнэ щІыналъэм хыхьэ Бахъсэненкэ къуажэ жылагъуэм щыІэ «Ныр Хь. Хь.» мэкъумэшыщІэ (фермер) хозяйствэм и щІыналъэм мардэ пыухыкІахэр (карантин) махуэ 60-кІэ щыгъэувын.

2. Карантиным и зэманым мы Унафэм и пункт 1-м хэщыщІэлъэгъуа щІыпІэм, хьэхэмрэ джэдухэмрэ яхэту, псэущхьэхэр ирашыну, апхуэдэу Іэщымрэ псэущхьэхэмрэ а щІыналъэм щащэну хуит ящІыркъ.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкіэ и управленэм хуэгъэувын Бахъсэн муниципальнэ щІыналъэм и администрацэм щІыгъуу хьэщхьэрыІуэ узыр гъэкІуэдыным хуэунэтІа Іуэхухэр зэхилъхьэу игъэзэщІэну.

4. Мы Унафэм къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм гъатхэпэм и 27-м
№30-РГ

Сарбашевэ ФатІимэ Магомет и пхъур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм и аудиторым и къулыкъум гъэувыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм и аудиторым и къулыкъум ягъэувын папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм и унафэщІым къыхилъхьа кандидатурэм хэплъауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям (Іыхьэ 1-м и «л» пункт), «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ статьям и Іыхьэ 3-м ящхь иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Сарбашевэ ФатІимэ Магомет и пхъур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм и аудиторым и къулыкъум ильэсих ПІалъэкІэ гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщІ ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2015 гъэм гъатхэпэм и 26-м
№209-П-П

2014 гъэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм теухуауэ ЦІыхум и хуитынигъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и докладым и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

2014 гъэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм теухуауэ ЦІыхум и хуитынигъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ Зумакулов Б. М. ищІа докладым хэплъауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

2014 гъэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм теухуауэ ЦІыхум и хуитынигъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и докладыр къэлъытэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщІ ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2015 гъэм гъатхэпэм и 26-м
№232-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм 2014 гъэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм теухуа докладым и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм 2014 гъэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм теухуа докладым хэплъауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм 2014 гъэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм теухуа докладыр къэлъытэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщІ ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2015 гъэм гъатхэпэм и 26-м
№233-П-П

● ЦІыхубэ фронт

Унэтіыныгъэ нэхъыщхьэхэр яубзыху

Урысейпсо ЦІыхубэ фронтым (ОНФ) и щІыналъэ къудамэу КъБР-м щыІэм иригъэкІуэкІа конференцым хэтащ Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и депутат Старшинов Михаил, КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и унафэщІ Битокъу Владимир, ОНФ-м и гъэзэщІакІуэ комитетым Кавказ Ищхьэрэм, Ипщэ федеральнэ округхэмрэ Къырымымкіэ и департаментым и тхьамадэ Веледеев Александр, ОНФ-м и щІыналъэ штабым, къэпщытакІуэ комиссэм, лэжьакІуэ гупхэм хэтхэр, щІыналъэ исполкомым и лэжьакІуэхэр, къэралым и Іэтащхьэм дзыхь зригъэзза цІыхухэр.

ЗэІуэщІэм къырихьэлІахэм тепсэлъыхьащ нэгъабэ я лэжьыгъэм къыкІуэхэм, 2015 гъэм къапэщыт къалэныщІэхэр яубзыхащ. Гулъытэ хэха хуащІу кьытеувыІащ УФ-м и Президентым и накъыгъэ указхэмрэ Федеральнэ Зэхэхьэным Зэрызыхуигъэзамрэ япкъ иткІэ яща пщэрыльхэр пхыгъэкІыным икІи аэхэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыным.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

(Кіэухыр 2-нэ нап.).

● Промышленность

ДызыщыгуфІыкІыпхъэ?

Полиэтилентерефталатэ (ПЭТФ) пкъыгъуэр къыщыщІагъэкІыну «Этана» заводыр илъэсищ дэкІмэ лажьэу ягуІыщынущ.

МОСКВА щекІуэкІа «ПЭТФ-2015» дунейпсо конференцым предприятэм и генеральнэ унафэщІым и япэ къуздзэ Юртаев Антон апхуэдэу щыжиІащ. Абы къызэрыхигъэщамкІэ, санкцэхэми емыльытауэ, компаниемкІэ зэмылІэужьыгъуэхэр къигъуэтащ, Іуэхум ехьэлІа проектыр и пэкІэ гъэкІуэтэным теухуауэ: Іуэхущ1апІэр 2018 гъэм къызэІуахыну трауухащ, ухуэныгъэ пІалъэм зэхъуэкІыныгъэ халъхьэну загъэхьэзыркъым.

Юртаевыр зэрытепсэлъыхьамкІэ, 2014 гъэм «Этана»-м Китаймэ зэгурыІуэныгъэ ирищІыпІащ, Терефталиевэ кислота къыщІэгъэкІыныжмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым иджыри зы химическэ предприятэ зэрыщ1ауэхуэнумкІэ. ПЭТФ-р къыщыщІагъэкІкІэ къагъэсэбэпыну а пкъыгъуэм хуэдэу заводым зы илъэсым игъэхьэзырынущ тонн мин 500.

Іуэхущ1апІэр 2018 гъэм гъэлэжьэныжмкІэ Іуэхур УФ-м и Правительствэм къыдИыгъащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Дэрэжэгъуэр щыкуэду

● Махуэшхуэхэр

Гъатхэпэм и 28-м, Балъкъэр лъэпкъым и къэщІэрэщІэжыныгъэм и махуэм, Іуащхьэмахуэ районым къыщыізІуахащ Физическэ щэнхабзэмрэ узыншагъэр егъэфІэкІуэныжмкІэ комплексрэ фельдшер-акушер пунктитІрэ.

- УХУЭНЫГЪЭ екІур Гъндэлэн къуажэм мы махуэ лъапІэм ІыгъэрыщІэзІутхым гур хегъахьуэ, къуажэ сабийхэм я узынщагъэр ефІэкІуэныжмкІэ ар сэбэп ирехьу, - жиІащ Іуащхьэмахуэ район администрацэм и Іэтащхьэ Уянаев Кязым.

ИрагъэкІуэкІа лэжьыгъэшхуэм папщІэ абы фІыщІэ яхуищІащ Спортымкіэ, Ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммуналнэ хозяйствэмкІэ министерствэхэм, сэбэп хъуа нэгъуащІ Іуэхущ1апІэхэм.

- Си гум къыбгъэдэкІыу балъкъэр лъэпкъым сыхуохъуахъуэ я щІэблэр узыншэу, Іэчлъэчу кьидэкІуэтеину, нобэ къызэІутх спорт комплексым олимп чемпионхэр щагъэсэну, - жиІащ КъБР-м спортымкІэ и министр Хьущт Аслъэнбэч, лентІ плъыжьыр щызэпиупщІым.

- Догугъэ мыбы къэралым, дуней псом цІэрыІуэ щыхъуну спортсменхэр щагъэсэну, - къыпищащ псалъэмакъым КъБР-м ухуэныгъэмрэ ЖКХ-мкІэ и министрым и къуздзэ Этезов Руслан.

Физическэ щэнхабзэмрэ узынщагъэр егъэфІэкІуэныжмкІэ Гъндэлэн дащІыхьа ухуэныгъэм ангар щытыкІэ иІэщ. Абы хэтщ метр зэбгъуэнатІэ 700-м щІигъу зи инагъ пэш, зыщ1ахуапэ, зыщагъэпскІ, котельнэ, администрацэм, тренерхэм, дохутырхэм папщІэ пэшхэр. Залым волейбол, баскетбол ущыджэгу, ущыбанэ хъунущ. Къуажэ администрацэм и унафэщІ Текуев Къамболэт зэрыжиІамкІэ, мыбы дзс цІыху 6338-м ящыщу 2380-р сабийщ. БоксымкІэ, бэнэкІэ хуитымкІэ тренерхэр хьэзырщ, спортхуэІухуэщІэхэр зэрагъэпэщынымкІэ хьэрычэтыщІэхэр къадэІэпыкъунущ.

ФОК-р къызэрызэІуахам и щІыхькІэ къуажэ школакІуэхэм ягъэхьэзыра концерт дахэ екІуэкІащ.

А махуэм фельдшер-акушер Іуэхущ1апІэхэр къыщызэІуахащ Бахъсэн Ипщэрэ Терсколрэ.

Тырныауз щекІуэкІащ республикэм и уэрэджыІакІуэ, къэфакІуэ пажэхэр зыхэта махуэшхуэ концерт. Абы хэтащ КъШР-м и Малокарачаевскэ, КъБР-м и Прохладнэ районхэм, Прохладнэ къалэм, Нарткъалэ кьикІахэр. Іуэхум кърихьэлІащ Москва областым и Рузскэ районым щыщхэри.

Іуащхьэмахуэ районым и администрацэм и унафэщІ Уянаев Кязым тырныауэдэсхэм къахуеджащ КъБР-м и Іэтащхьэ Кіуэкіуэ Юрий балъкъэр лъэпкъым я махуэшхуэм теухуауэ зэрызахуигъазэ хъуэхъум.

А махуэм Тырныауз щекІуэкІащ лъахэхутэ музейм къызэригъэпэща гъэлъэгъуэныгъэ, атлетикэ хьэлъэмкІэ спартакиадэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Калмыкъ, Ингуш республикэхэм, Ставрополь крайм и спортсменхэр зыхэта футболымкІэ зэхьэзэхуэ. Пщыхьэщхьэм уафэм хьэрэкІытІэхэр драгъэлъэтеящ.

ХУЖЬ Наталье.

● Промышленность

Дызыщыгуфіыкіыпхъэ?

Полиэтилентерефталатэ (ПЭТФ) пкъыгъуэр къыщыщІагъэкІыну «Этана» заводыр илъэсищ дэкІмэ лажьэу яутІыпщынущ.

МОСКВА щекІуэкІа «ПЭТФ-2015» дунейпсо конференцым предприятэм и генеральнэ унафэщІым и япэ къуздзэ Юртаев Антон апхуэдэу щыжиІащ. Абы къызэрыхигъэщамкІэ, санкцэхэми емыльытауэ, компаниемкІэ зэмылІэужьыгъуэхэр къигъуэтащ, Іуэхум ехьэлІа проектыр и пэкІэ гъэкІуэтэным теухуауэ: Іуэхущ1апІэр 2018 гъэм къызэІуахыну трауухащ, ухуэныгъэ пІалъэм зэхъуэкІыныгъэ халъхьэну загъэхьэзыркъым.

Юртаевыр зэрытепсэлъыхьамкІэ, 2014 гъэм «Этана»-м Китаймэ зэгурыІуэныгъэ ирищІыпІащ, Терефталиевэ кислота къыщІэгъэкІыныжмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым иджыри зы химическэ предприятэ зэрыщ1ауэхуэнумкІэ. ПЭТФ-р къыщыщІагъэкІкІэ къагъэсэбэпыну а пкъыгъуэм хуэдэу заводым зы илъэсым игъэхьэзырынущ тонн мин 500.

Іуэхущ1апІэр 2018 гъэм гъэлэжьэныжмкІэ Іуэхур УФ-м и Правительствэм къыдИыгъащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Ди къуэш республикэхэм

Текіуэныгъэ Иным и жыгей аллее

АДЫГЕЙ. ***Накъыгъэм ягъэлъэпІэну ТекІуэныгъэ Иным и илъэс 70 юбилейм. Урыс-Кавказ зауэр зэрикъэрэ нэгъабэ илъэси 150-рэ зэрырикъуам теухуауэ щэбэт махуэм Мейкъуапэрэ Гавердовск жылагъуэмрэ я зэхуакум жыгеишІэ 220-рэ щыхасащ.***

ЖЫГЕЙ аллее къызэгъэпэщыным и жэрдэмщІакІуэ «Адыгэ Хасэ - Шэрджэс парламент» жылагъуэ зэщІэхъеенныгъэм къахихьащ жылагъуэ лэжьакІуэхэр, щІалэгъуалэр, Гавердовскрэ Мейкъуапэрэ щыпсэуэхэр. Жыгхэр хэсэным теухуа щэбэт щІыхьэхэр дэрэжэгъуэкІэ гъэнщІауэ екІуэкІащ.

Абазэ лъэпкъым и щэнхабзэр яхъумэнщ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и щыхьэрым дэт Печатым и унэм утыку къыщрахьащ «Алашара» абазэ-абхъаз этносым зегъэужьынымкІэ дунейпсо зэгухьэныгъэм и президент Екзек Муссэ я щІэгъэкъуэну дунейм къытехьа тхылъиплІ. А къыдэкІыгъуэхэр абазэ лъэпкъым и щэнхабзэр хъумэнымкІэ дэІэпыкъуэгъу хъуну къалъытэ.***

ПРЕСС-конференцыр зытрауха тхылъхэм ящыщщ Табулов Исмахьил и «Аззмэт» романыр, Урысейм, Абхъаз Республикэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ Гъэныч Галинэ и «Музыкой душа моя согрета» тхылъыр, «Абазэ тауры-хъэр». ЕплІанэр нэмыцэбзэкІэ Германием къыщыдэкІа «Абазэ прозэ» тхылъыр. Абы щызэхуэхьэсащ рассказхэр, новеллэхэр, Іэрыіуатэр.

ЗэІуэщІэм дэтхэнэ зы тхылъми зэпкърыхауэ щытепсэлъыхьащ. Авторхэм я Іэдакъэщ1экІэхэр дунейм къытехьэныжмкІэ мыпхуэкІэ закъэщІэзыгъэкъэуахэм фІыщІэ хуащІащ. Къызэхуэсахэм тхылъхэр хуагуэшащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Сыхьэт бжыгъэкІэ уэздыгъэ яІакъым

Тыркум и щІыналъэм и нэхъыбапІэм дыгъуасэ уэздыгъэ яІакъым. Къэрал къулыкъущІапІэхэм къызэратамкІэ, иужьрей илъэс 15-м апхуэдэ я деж къыщыхъуакъым.

Къэралым и щыхэр Анкараи Истамбыл къалэми электрокъарур хуэзТІыпщыныр сыхьэтитІым нэблагъэкІэ зэтрауХуэжьфакъым ар зи къалэн Іуэхущ1апІэхэм.

«Къэхъуам и щхьэусыгъуэр зэхьидогъэкІ. Уэздыгъэ къэрал псом щымыІэныр къызыхэкІауэ шэч зыхуэтщІхэм яхэдгъэкІыркъым ар теракту щытынкІэ зэрыхъунури», - жиІащ Тыркум и премьер-министр Давутолгу Ахьмэт.

Нэхъ иужьыІуэкІэ къызэратамкІэ, уэздыгъэ щІыІуачам и щхьэусыгъуэр TELAS компаниием и лэжьыгъэр тэмэму зэрызэтемыухуам и зэранщ. Іэщ1агъэлІхэр зыкъомрэ елІэІами, къэралым и къалэхэм, къужажхэм чэзуурэ уэздыгъэ яГуэтыжащ.

Іэщ1агъэм хуоджэ

Инджылыз къэралыгъуэм и пащтыхьым и къуэУильям Кхъухьлъатэзехуэ Іэщ1агъэм хуоджэ.

Мазэ зыбжанэ нэхъ дэмыкІыу ар а Іэщ1агъэм хуиту ирилажьэфынущ икІи Инджылызым и КъуэкІыпІэ щІыналъэм и къулыкъур щрихьэкІынущ. ИджыкІэ Уильям дэІэпыкъуэгъу псынщІэ Іэнатіэм къыщ1агъэсэбэп вертолетым и къъухьлъатэзехуэщ. А Іэщ1агъэм ирилажьэну зэрыхуитымкІэ лицензэр пащтыхьыкъуэм мы гъэм и мазаем къратыжауэ щытащ.

Санкцэхэм пащэ

Корее Ищхъэрэм хуагъэуваУ щыта санкцэхэм иджыри илъэситІкІэ пащэну зэрамурадыр жаІащ Япониеи и къэрал унафэщІхэм.

Японием и цыху 864-рэ блэкІа лІэщІыгъуэм и кІэухым КНДР-м щІыщІыкІуэдам и щхьэусыгъуэр зэхэгъэкІыным пыщІа Іуэхур иджыри къэс и пІэм зэримыкІарщ, абы хуэунэтІауэ къызэрагъэгуГьахэр зэрамыгъэзащІэрщ апхуэдэ пІэлъакъуэм лъабжьэ хуэхъуэр.

Нэхъ пасэу иращІыпІа апхуэдэ санкцэхэм я пІалъэр мэлыжьыхьым и 13-м икІыт. Адрей паубыдынухэм ящыщу Японием и кхъухь тедзапІэхэм техьэ хъунукъым КНДР-м и къэхъуэр, апхуэдэуи уэгумкІи пыщІэныгъэ зэхуаІэнукъым.





♦Къуалэбзухэм я дунейпсо махуэщ
♦Ауанымрэ дыхьэшхэнымрэ я махуэщ

♦1920 гъэм къызэрагъэпэщащ Литвам и хьыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэр - иджы ЭЛЬТА агентствэр.

♦1995 гъэм лэжьэн щІидзащ «Урысей жылагъуэ телевидение» каналым. Иджы абы зэреджэр «Ипэ каналщ».

♦УэрэджыІакІуэ, Адыгэ Республикэм и цІыхубэ артисткъ, УФ-м щІыхь зиІэ и артисткъ **Щауэжь Розэ** къущ1алъхуа махуэщ.

♦КъШР-м и цІыхубэ дохутыр, жылагъуэ лэжьакІуэ **Тэмазэ Анатолэ** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦ЩоджжэнцІыкІу Алий и цІэр зезыхъэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актрисэ, Адыгэ Республикэмрэ КъБР-мрэ щІыхь зиІэ я артисткъ **КІуэкІуэ Елизаветэ** къыщ1алъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриІыгъ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщІытынущ. Хуабэр махуэм градуси 3 - 4, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Псым хэлъ мывитІрэ пэт зонтІэІу.

● АПК

КІэртІофым трагъащІэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэш хозяйствэмкІэ и щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым иужьрей илъэсхэм ехьулІэныгъэкІэ кьеГъэсэбэп кІэртІофыр щыхьэхуэхэм щыхьэумэнымкІэ иджырей дунейпсо мардэхэр. Абы и фІыгъэкІэ мы Іэнатіэм къегъэщІылІауэ Дзэлыкъуэ районым хьыхь Белоканенскэ жылагъуэм щыІэ агрофирмэм къыщ1агъэкІ кІэртІофым лъэпкъыфІыр ягъэбэгъуэну яхуэзфІэкІащ.

ДИ ЩІЫПІЭМ сыт и лъэныкъэкІи езэгъ кІэртІофым лъэпкъыфІу лІэужьыгъуи 5 ди селекционерхэм къагъэкІащ. Абыхэм зы гектарым зэуэну центнер 300 - 360-рэ къаритынущ.

Мы зэманым институтым и хозяйствэхэм «супер-элита», «элита» лІэужьыгъуэхэм хуэдэу тонн 650-рэ, жылапхъэ кІэртІофыщхьэ цІыкІуу мин 80 иІэщ. Ахэр мэкъумэш технологие и лъэныкъэкІэ зыхуей хуэзэу хасэу, гъэ псом егугъумэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым мы илъэсым кІэртІофр жылапхъэфІу тонн мини 2 щІым къытрихынущ. КъыкІэлъыкІуу илъэсхэм абы къикІыну кІэртІофр шхыпхъэр тонн мин 14-м нахусынущ.

ЖылапхъэфІыр хъарзынэу щыхасэфынущ Дзэлыкъуэ, Бахъсэн, Шэрэдж щІыналъэхэм.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

Газетхэмрэ журналхэмрэ къезыгъэхьхэм гу зылъатапхъэ

«Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал Іуэхущ1апІэ зэгуэтым и къудамэм - КъБР-м Федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэмкІэ и управленэм и Іуэхущ1апІэ посми 2015 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м щегъэжьауэ къыщызэІуах дызыхуэкІуэ илъэс ныкъуэм цІыхухэм къаІэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ трегъэдзэныжмкІэ лэжьыгъэхэр.

Пощтым и Іуэхущ1апІэхэм я лэжьакІуэхэм фэ Іэ зытевдза газетхэмрэ журналхэмрэ и пІалъэм кьриубыдэу унэм ныфхуахьынущ е пощт Іуэхущ1апІэм къыщыватыжынущ.

Газетхэмрэ журналхэмрэ къегъэхьыным пыщІа Іуэху посми щыгъуазэ зыщыхуэфщІ хъунущ пощтым и дэтхэнэ Іуэхущ1апІэми.

КъБР-м Федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэмкІэ и управленэ.

УнэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэр яубзыху

(КІэуху.
ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

- Урысей Федерацэм и Президентым и накъыгъэ указхэр щыІналъхэм зэрыщІэзыІэр къэзыгъэпьагъэуцу властым и органхэм щІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІауэ ялэжьхэм кърикІуахэр. Къэралым и Іэтащхьэм и унафэхэр гъэзэщІэныр кІы хьІлыхь зэращІым куэдрэ урохьэлІэ. Ди къалэн нэхъыщхьэр апхуэдэхэр къыщІэгъэщыныр икІи щытыкІэр ягъэзэкІужьыныжьмкІэ унафэхэр яхуэгъэпльэгъуэныр, - жиІащ ОНФ-м и щІыналъэ штабу КъБР-м щыІэм и унафэщІхэм ящыщ **Хутуевэ Любовь**.

Зытепсэлъыхьахэм ящыщу нэхъыщхьэу къытеувыІащ республикэ властхэм ядэпэжьныжьмкІэ ОНФ-м и экспертхэм зэхагъэува жылагъуэ пщэрылъхэр пхыгъэкІыным.

КЪР-м и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм и Іэтащхьэ, «Социальная справедливость» гупым и унафэщІ **Амщокъуэ ФатІимэт** я унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм къытеувыІащ. Къыхигъэщащ я гупым демографием, узыншагъэр хъумэным, унагъуэ зэІузэпэщыгъэмрэ гъащІэ тэмэмымрэ теухуа я лэжьыгъэм адэкІи къызэрыпащэнур. «Ди дежкІэ мы хьэнэшхуэ иІэщ ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 70 щрикъу махуэшхуэм, апхуэдэуи зыхудогъэхьэзыр «Таврида-2015» дунейпсо щІалэгъуалэ слетым», - жиІащ Амщокъуэм.

- Экономикэ санкцэхэр къэлпытауэ, республикэм и экономикэр гъэбыдэным, лэжьыгъэ ІэнатІэхэр къызэгъэпэщыным гулъытэ хэха хуэщІыпхъщ. А унэтІыныгъэм дэ жьыджэру дыхэтщ икІи хьэрычэтыщІэ цыкІумрэ курытымрэ дэІыгъыным теухуауэ къыхальхьахэм дыщыхэплъа гупым и зэІуцІэхэр едгъэкІуэкІащ, - жиІащ псалъэмакъым къыпізыща «Честная и эффективная экономика» щІыналъэ гупым и унафэщІ КъыльшыкъуэАльберт. Къыхэхуэсахэр абы щыгъуазэ ищІащ ОНФ-м и «Зэ честные закупки» проектым. Ар зытегъэщІар коррупцэм, къэрал закупкэхэм хухаха бюджет мылькур тэмэму къызэрамыгъэсэбэпым пэщІэтыныр. А проектыр республикэм щылэжьэным дэтхэнэри къыхьхьану къыхуриджащ.

«Качество повседневной жизни» щІыналъэ гупым и унафэщІ **Щхьэныкъуэ Мурат** илъэсыр зыхэзрихьэрэ зэфІахахэм, зыхунэмысахэм къытеувыІащ: «ОНФ-м и активистхэм псэупІэ кхъахэхэм щІыхэхэр щІэгъэІэпэхьуклыным теухуа мониторинг едгъэкІуэкІати, ныкъусаныгъэхэр къыщІэдгъэщащ. ЗэщІэхъеенныгъэм хэтхэм абы республикэм и унафэщІхэм гу лърагъэтащ икІи а гугъуехьхэр зэфІахьыу щІадзащ». - къыхиГъэщащ абы.

ОНФ-м и активистхэм гулъытэ хэха хуащІ ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 70 щрикъум зыхуэгъэхьэзырыным. «Абыхэм я фІыгъэкІэ гъэзгу игъуэтащ «ЛІыхъужьым и цІэр и унафэщІхэм гу лърагъэтащ икІи а гугъуехьхэр зэфІахьыу щІадзащ». - къыхиГъэщащ абы.

ОНФ-м и активистхэм гулъытэ хэха хуащІ ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 70 щрикъум зыхуэгъэхьэзырыным. «Абыхэм я фІыгъэкІэ гъэзгу игъуэтащ «ЛІыхъужьым и цІэр и унафэщІхэм гу лърагъэтащ ИкІи ЗэкІэмкІ ОНФ-м КЪР-м щыІэ щІыналъэ штабым хэт **Гулиев Хьэнэфий**.

- ЩІэблэщІэр хэкупсэу гъэсэныгъэм щІэпІыкІыным елэжьын хуейщ ІуэкІу нэхъ щыкІухэмкІэ. Псалъэм папщІэ, хуабжьу щхьэпэ хьунт ди зауэлІ хэкІуэдахэм я кхъащхьэхэр зыхуей хуагъэзамэ, - жиІащ УФ-м и Президентым и дзыхь зригъэза **Котляров Виктор**.

ЩІыналъэ штабым къыпэщыт нэхъ къаланышхуэхэм ящыщщ жылагъуэмрэ властымрэ я зэпыщІэныгъэхэр, лъэпкъхэм я зэхущытыкІэхэр гъэбыдэныр. Ар къыхигъэщхьэхукІащ щІыналъэ пажьакІуэ гупым и унафэщІ **Щоджэн Хьэчим**.

Къыдэхуэсахэм захуигъаззэри, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Старшинов Михаил жиІащ: «Къэбэрдей-Балькъэрым мы зэманым щытыкІэщІэ щызэфІоуІвэ: республикэм ІэтащхьэщІэ иІащ, щІыналъэм ІыкІуэ зыкъыІэтыжу хуежьащ. ЦІыхубэ фронтым щыщхэм къаланэ куэдыкІей къапэщытщ дызэрыт лъэхъэнэр къэралым зэрыщымытынщхэ къэплъытэмэ. Арщхьэкіэ сэ сызэрелъыкІэ, я зэфІэкІыр зыхудизыр къагъэлъэгъуэн папщІэ абы дэтхэнэми Іэмал ирет. Ди лэжьыгъэр зыхуэунэтІар щІыпІэхэм щІэ Властхэмгугъуехьхэр зэфІэхьныжьмкІэ ядэІэпыкъунырщ. Дэ псори тхузэфІэкІынущ!»

- ОНФ-м и щІыналъэ къудамэм гулъытэ хуеиІ щІыхухэр гъащІэм зыщІыуэ гугъуехьхэм, ахэр фІыкІэ зэхъуэкІыным яужь дитщ икІи ехъулІэныгъэхэр зыхьдощІэ. Ауэ зыщыгъэгъупщэн хуейкъым ди ехъулІэныгъэхэр, ахэр зыхуэдунэтІхэм, ди къару зэтхьэлІэ къызэрыгуэкІ цІыхухэм щІагъэбыдэн зэрыхуейр. Властым и гъэзащІакІэ органхэм епсэлъыпІэным мыхьэнэ иІэщ, - къыкІэущащ ОНФ-м и щІыналъэ штабу КъБР-м щыІэм и унафэщІхэм ящыщ **Маслов Николай**.

ЗэІуцІэм и кІэухым зэщІэхъеенныгъэм и къудамэм и унафэщІ лэжьакІуэщІэхэр хахащ.

УАРДЭ Женя.
Сурэтыр
Къарей Элинэ *трихащ.*

● Пшыхьхэр

Щэнхабзэм, театрым я лэжьакІуэхэр ягъэлъапІэ

ЩоджэнцІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым пшыхь гуапэ щекІуэкІащ, щэнхабзэм, театрым я лэжьакІуэхэм я махуэр гъэлъапІэным, литературэм и илъэсыр къызэІухыным теухуауэ. Ар къызэригъэпэщащ КЪР-м ЩэнхабзэмкІэ и министерствэм. Зэхыхьар ирагъэкІуэкІащ Сердюков Станиславрэ КІэхумахуэ ФатІимэрэ.

КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** пшыхьыр къыщызэІуихым къеджащ республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий щэнхабзэм, театрым я лэжьакІуэхэм зэрызахуигъазэ хъуэхъум. Абы итщ: «ЩэнхабзэмдиІэ щІэнэшхуэ щиІэщ, а унэтІынигъэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщІхэм, абы зезыгъэужьхэм фІыщІэ, щытхъу псалъэ куэд фхуэфащэщ».

Къумахуэ Мухьэдин щэнхабзэм, гъуаздж эм илъэс зыбжанэ хъуауэ хуэлажьэ, а ІэнатІэхэм екъулІэныгъэфІхэр щызыІэрызыгъэхьаХэм щІыхьщІэхэр зэрызуагъэфэщам теухуа унафэм кьеджащ. Апхуэдэ гулъытэ зыхуащІахэм ящыщщ «КъБР-м и цІыхубэ сурэтыщІ» цІэ лъапІэр зыфІаща ди лъэпкъэгъу Пащт-Хъан Алим. Апхуэдэу республикэм и щэнхабзэ Іуэхущ Іапіэхэм, музыкэ, театр гъуаздж эм, библиотекэхэм, музейхэм я лэжьакІуэхэм, артистхэм, музыкантхэм КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ, Щэнхабзэмкіэ министерствэм я щІыхь тхьилъхэр, ахъшэ саугъэтхэр зыхуагъэфащахэм ираты жащ.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим** республикэм и Парламентым и щІыхь тхылъхэр зылъагъэсахэм гуапэу екъуэхъуащ икІи къыхигъэщащ я лэжьыгъэм и пщІэр къалъытэн зэрыхуейр.

Республикэм и щэнхабзэмрэ гъуаздж эмрэ зэлъхьэныгъэ хуэзыщІа ветеранхэми я цІэ къраІуащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, Дзэлыкъуэ районым щыщ Дзэмыхь Борис анэм теухуа уэрэдыр адыгэбзэкІэ, балькъэрыбзэкІэ, урысыбзэкІэ жиІащ, къыхуащІа гулъытэм папщІэ ФІыщІэ яхуищІу. КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министрым и къуэдзэ къулыкъум илъэс 30-кІэ пэрыта Энеевэ Лизэ жиІащ къыхуагъэфэща дамыгъэ псом нэхърэ зэращымыгъупщэр зэрынэхъ лъапІэр.

ҐуфІэгъуэ щытыкІэм иту Литературэм и илъэсыр къызэІуаха нэужь, «Вишневый сад» тепльэгъуэр зэрыгъэлъэгъуащ. Лермонтов Михаил, ЩоджэнцІыкІу Алий, Къэшэж Иннэ, Отаров Керим сымэ я усэхэм кІуэджащ республикэм и артист пажэхэу ТхьэщыгъуэйЖаннэ, Хъэхъупащ ІэФатІимэ, ЖьакІэмыхьу КІунэ, КІэхумахуэ ФатІимэ, Жулабов ТІэхьир, Васильченкэ Денис. Музыкэ театрым и уэрэджыІакІуэ, артист цІэрыІуэхэу Мамбэт Мадинэ, Ташло Алий, Бозий Зураб, Шэрджэс Іэсият, нэгъуэщІхэми романсхэр, ариехэр ягъэзэщІащ. Апхуэдэу пшыхьыр ягъэдэхащ УФ-м щІыхь зиІэ и артист Темыркъан Петр зи художественнэ унафэщІ «Камерата» ансамблым.

КЪБР-м и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ Амщокъуэ ФатІимэт зи махуэшхуэр зыгъэлъапІэхэм екъуэхъуащ.

Пшыхьым хэтащ КъБР-м и районхэм щыІэ щэнхабзэ Іуэхущ Іапіэхэр, литературэм и лэжьакІуэхэр.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.
Суфэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 70 щрикъум ирихьэлІэу

ЛІыгъэшхуэ зезыхьа зауэлІ

Мурманск областым и къухьэпІэ гъунапкъэм хуоэз Рыбачий хытІыгъ ныкъуэр. Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм а мывалъэ щІыпІэм Зыхьумэжьныгъэмкіэ Іщхьэрэ районыр къыщызэрагъэпэщауэ щытащ. А щІыпІэращ Псыгуэнсу щыщ зауэлІ Мыз ТІуатІэ япэу и лІыгъэр щигъэлъэгъуари.

КАРЕЛЬСКЭ фронтым и 14-нэ гвардейскэ армэм и 10-нэ гвардейскэ дивизэм и 28-нэ фочГъуэ полкыр псэемыблэжу мыбдеж щыпэуведащ. 1944-нэ, 14-нэ фочГъуэ дивизэхэр КъуэкІыпІэ Лиц псым къыщыщІадзэри, бийм егъэрыкІуэу хуежьащ. Абы ирихьэлІэу 12-нэ тенджыз фочГъуэ бригадэри Пикшуев ЛъагапІэм пэмыжьжьэу щитІыскІащ. Абы и кьалэнт нэмыщэ тылым щІыбагъымкІэ къыщеуэну, коммуникацэ линэхэр зэпиупщІу 10-нэ гвардейскэ фочГъуэ дивизэм гъусэ зыхуищІыжыну. Нэмыщхэми яфІэкІуэдынкІэ хъунур ящІэрти, зэрымыкІуэтыжьыным хэтхэт. «316» лъагапІэм и щыгъуми лъэныкъуитІри лапІэ щызэдихьащ. Зэхэуэр апхуэдизкІэ гуащІэти, псэууэ куэд къыхэкІынкъым, жыпІэнт. Уеблэмэ, зы махуэм хуэзэу а Іуащхьэр зыбжанэрэ ди зауэлІхэмрэ бийхэмрэ щызэІэпах щыІэт. Апхуэдэ зауэ гуащІэхэм ящыщ зым щыхэкІуэда командирым и пІэм иувари, зауэлІхэр иришэжьащ. Мыз ТІуатІэ. А зэхэуэм ар уІэгъэ хьэлъэ щыхъуауи щытащ икІи госпиталым щІэлъу къыжраІащ ЛІыхъужьыгъэм и орденыр къызэрыратар.

УІэгъэщым къыщІэкІыжа нэужь, Мызыр Беломорск дэт тІасхъэщІэхэр щагъэхьэзыр курс кІэщІхэм ягъэкІуащ. Ар къызэриухыу ТІуатІэ хагъэхьащ Петсамо фин къалэм ягъакІуэ гупым. ПІасхъэщІэхэхэм пщэрыльэ къыщІэІуа Іуэхур ягъэзэщІащ, «бзагуи» къахьащ. Абыхэм ящыщІагъэща щэхум и фІыгъэкІэ Петсамо-Киркенесскэ операцэр къызыхуэтыншэу кърахьэлІауэ щытащ. Мыз ТІуатІэ хиубыдащ бгылъэ щІыпІэхэм щызэузыным хуагъэхьэзыра 20 нэмыщэ армэм пэувахэми. 1944 гъэм и фокІадэ мазэм ар зыхиубыда зауэр псом хуэмыдэу игу кьинэжауэ щытащ абы: Кариквайвиш бгым щебгъэрыкІуар, Валаейоки псым зэрызэпрыкІар, Луостари, Печенгу жылагъуэхэр къызэращтэжар. Гугъуехьышхуэ 1944 гъэм фокІадэм и 13-м Титовскэ псым и дежщІзэхэуэу, нэмыщІдзэр ди штабым гъунэгъуу щекІуэлІари.

Петсамо-Киркенесскэ зауэ гуащІэм советыдзэр КъуэкІыпІэмкІэ километри 150-кІэ кІуэтащ икІи хуит кьищІыжащ Петсамомрэ Норвегием и ищхъэрэ щІыпІэхэмрэ. Абдежьрщ а щІыналъэр зэрыпхъуэкІуэхэм къыІэщІакьыжьым щыщІидзар.

Мыз ТІуатІэ хуэдэ зауэлІ хахуэхэм я фІыгъэкІэ, ар зыхэта 10-нэ гвардейскэ фочГъуэ дивизэм къыфІащауэ щытащ тІэунейрэ Краснознаменэ, Невский Александр, Вагъуэ Плъыжь орденхэр зезыхьэ Печенгскэ дивизэ.

ЕбГъэрыкІуэныгъэхэр здекІуэкІыж, лейтенант нэхъыщІэ Мыз ТІуатІэ и ПІасхъэщІэх ротэр Польшэм и Торунь къэзым дыхьащ, псэзэпылъхьэпІэм зэритым хуэдэуи «бэзгу» гъэр къащІыну яхуэзфІэкІащ. А къалэр бийм къыЗэщІахьжа нэужь, ТІасхъэщІэхэхэм псомкІэ къэрал дамыгъэхэр, командирым Хэку зауэ орденым и 2-нэ степеныр къыхуагъэфэщащ.

1945 гъэм и мазаем Вислэ-Одер зэхэуэр и кІэм нэблагъат. Ирахужьэжа бийми хуэзфІэкІ къыимыгъанэу къызэуэкІыпт. А лъэхъэнэ дыдэм нэмыщэ артиллерием къахиутІыпщхьа шэм Мызыр етІуанэу уІэгъэ къыщІащ. Абы зыкъыщІэжаеу госпиталым щІэлъу, ТекІуэныгъэ Иным и хъыбарри къыІэрыхьащ.

1945 гъэм Мыз ТІуатІэ зыщащІахуа и жылэжьым къигъэзэжащ, и бгъэм къэрал дамыгъэхэр хэзу. Абы къухуагъэфэщат Хэку зауэ орденым и 1, 2-нэ степенхэр, ЛІыхъужьыгъэм и орденыр, «Германием зэрытекІуам папщІэ», «Совет Заполярьер зэрыхьумам папщІэ» медалхэр. Апхуэдизу зауэр лІыгъэшхуэ хэпльу кьезыхьащІа Мыз ТІуатІэ и цІэр нобэ Псыгуэнсу и уэрамхэм ящыщ зым зэрехьэ.

КИМ Надеждэ.

Къэбэрдей-Балькъэрым и щІыналъэми ирокІуэ

СНГ-м хьихь хэкъралыгъуэхэм я гуапкъэхэм кІуэцІрыкІ. 2015 гъэм мазаем и 2-м Белоруссием и къалэ-лІыхъужь Брест щызэхахьа «ТекІуэныгъэм и эстафетэр» махуищкІэ къэбэрдей-Балькъэрым щыІащ.

ГъАТХэПЭМ и 23-м дзэ щІыхь хуащІу ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 70 зэрырикъум и эстафетэм и символыр - кубокымрэ штандартымрэ - Урысей Федерацэм и ФСБ-м и Гъунапкъэхъумэ Іуэхущ Іапіэм и щыІэм и лажьакІуэхэмрэ Ставрополь гъунапкъэм, Тамбовкъан гуэлым дек, щызэІэпахащ.

Республикэм и гъунапкъэхъумэкэм, Дзэпыкъуэ куей администрацэм щэнхабзэмкІэ и къудамэм и унафэщІ Къалэ Хьызыр, уэрэдымрэ къафэмкІэ «Ислъэмей» сабий ансамблыр ящІыгъуу, КъШР-м и лІыкІуэхэр шыгъуІпластэрэ махъсымэкІэ кърагъблэгъащ. Хабзэ зэрыхьуауэ, артист ныбжьыщІэхэм ягъэзэщІа хэкупсэм фІэхъус зэІуцІэм кърихьэлІахэм я гукъыдэжьр къаІэтащ.

- Эстафетэм и мурад нэхъыщхьэр Хэку зауэшхуэм и мыхьэнэр, ТекІуэныгъэр къытхуэзыхьа ди ветеранхэр зэрытщымыгъупщэж къэгъэльэгъуэныри. Дэ сыт щыІэ ди гум ильщ мамырыгъэм зи гъащІэр щІэзытахэр, нобэ къыддекІуэкІ нэхъыжьыфІхэр. Ахэр щапхъэщ, - жиІащ эстафетэм и дамыгъэр ди гъунапкъэхъумэхэм къаІэщІэзылъхьа УФ-м и ФСБ-м и Гъунапкъэхъумэ Іуэхущ Іапіэу КъШР-м щІыІэм кадрэхэмкІэ и къудамэм и унафэщІым и къуэдзэ **Белоконь Василий**.

Адэкіэ эстафетэр КЪБР-м и щІыхьэрым къэсащ. Налшык къалэ дэт «ЩІыхьым и МафІэ мыужьых» мемориалым деж щекІуэкІа пэкІуэтащ. Абы хэтащ районым и унафэщІхэм я лІыкІуэхэр, гъунапкъэхъумэхэр, школакІуэхэр. Къызэхуэсахэм я пащхьэм къыщыпсэльащ республикэм щыІэ гъунапкъэхъумэ управленэм и пресс-Іуэхущ Іапіэм и унафэщІ **Теунэ Муратрэ** Іуащхьэмахуэ куей администрацэм щалэгъуалэ политикэмкІэ и Іэщ Іагъэлі нэхъыжь **Малкаров Муратрэ**. Абыхэм щалэгъуалэр къыхураджащ я лъахэр, Хэкур фІыуэ ялъагъуну, я къэкІуэнум зи гъащІэр щІэзытахэр яцыныгъупщэну. Азау тафэм щекІуэкІащ гъунапкъэхъумэхэм я къаркІэ гухъэныгъэм и дамыгъэ плъыфащ галстукхэр гъунапкъэхъумэхэм хуэзрадзэри, пэкІум крихьэлІахэм «ЩІыхьым и МафІэ мыужьых» мемориалым удз гъэтхэкІэ трагьлъхьащ.

ПэкІу нэужьым Сабий творчествэмкІэ уардзунэм Хэку зауэшхуэм и ветеранхэмрэ школакІуэхэмрэ я зэІуцІэ щекІуэкІащ. **Непаин Игоррэ Савин Алексейрэ** я щІалэгъуэр зыхиубыдэ зауэм и илъэс лыгъэхэм я нэгу щІэкІа хэр ныбжьыщІэхэм хуаІуэтащ.

КъыкІэлъыкІуэу махуэм, гъатхэпэм и 24-м, эстафетэ гупыр Іуащхьэмахуэ куейм щыІащ. Абы и дамыгъэр - зэІэпах кубокыр - гъунапкъэхъумэхэм «Мир» станцым драхьеящ. Кавказыр яхуэмэу хэкІуэдахэм я фэеплъу Терскол дэтым и дежи нужьыкІэ пэкІу щекІуэкІащ. Абы хэтащ районым и унафэщІхэм я лІыкІуэхэр, гъунапкъэхъумэхэр, школакІуэхэр. Къызэхуэсахэм я пащхьэм къыщыпсэльащ республикэм щыІэ гъунапкъэхъумэ управленэм и пресс-Іуэхущ Іапіэм и унафэщІ **Теунэ Муратрэ** Іуащхьэмахуэ куей адміністрацэм щалэгъуалэ политикэмкІэ и Іэщ Іагъэлі нэхъыжь **Малкаров Муратрэ**. Абыхэм щалэгъуалэр къыхураджащ я лъахэр, Хэкур фІыуэ ялъагъуну, я къэкІуэнум зи гъащІэр щІэзытахэр яцыныгъупщэну. Азау тафэм щекІуэкІащ гъунапкъэхъумэхэм я къаркІэ къыщІэзэрагъэпэщыжьрэ абыхэм къапэщыт къалэнхэмрэ, лІыкІуэм нэбжьыщІэхэм апхуэдэу ягурыгъэІуащ зыхэт зэщІэхъеенныгъэм хьихь щІалэгъуалэр я Іэхуэм теухуауэ Урысейм щекІуэкІ зэхьихьэми я зэфІэкІ щагъэльэгъуэн икІи абыхэм къыщаІэт Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр ди щІыналъэми къэхьын зэрыхуейр. Я зэфІэкІ, Іуэху ельтыкІэ, жыджэрагъ елъытауэ кьыхъащ зи гугъу тщІы махуэшхуэр гъльэпІэным жыджэру хэтын волонтер къыщІэзэрагъэпэщыжьрэ абыхэм къапэщыт къалэнхэмрэ, лІыкІуэм нэбжьыщІэхэм апхуэдэу зауэлІхэр зэрищэжьащ. Мыз ТІуатІэ. А зэхэуэм ар уІэгъэ хьэлъэ щыхъуауи щытащ икІи госпиталым щІэлъу къыжраІащ ЛІыхъужьыгъэм и орденыр къызэрыратар.

УІэгъэщым къыщІэкІыжа нэужь, Мызыр Беломорск дэт тІасхъэщІэхэр щагъэхьэзыр курс кІэщІхэм ягъэкІуащ. Ар къызэриухыу ТІуатІэ хагъэхьащ Петсамо фин къалэм ягъакІуэ гупым. ПІасхъэщІэхэхэм пщэрыльэ къыщІэІуа Іуэхур ягъэзэщІащ, «бзагуи» къахьащ. Абыхэм ящыщІагъэща щэхум и фІыгъэкІэ Петсамо-Киркенесскэ операцэр къызыхуэтыншэу кърахьэлІауэ щытащ. Мыз ТІуатІэ хиубыдащ бгылъэ щІыпІэхэм щызэузыным хуагъэхьэзыра 20 нэмыщэ армэм пэувахэми. 1944 гъэм и фокІадэ мазэм ар зыхиубыда зауэр псом хуэмыдэу игу кьинэжауэ щытащ абы: Кариквайвиш бгым щебгъэрыкІуар, Валаейоки псым зэрызэпрыкІар, Луостари, Печенгу жылагъуэхэр къызэращтэжар. Гугъуехьышхуэ 1944 гъэм фокІадэм и 13-м Титовскэ псым и дежщІзэхэуэу, нэмыщІдзэр ди штабым гъунэгъуу щекІуэлІари.

Петсамо-Киркенесскэ зауэ гуащІэм советыдзэр КъуэкІыпІэмкІэ километри 150-кІэ кІуэтащ икІи хуит кьищІыжащ Петсамомрэ Норвегием и ищхъэрэ щІыпІэхэмрэ. Абдежьрщ а щІыналъэр зэрыпхъуэкІуэхэм къыІэщІакьыжьым щыщІидзар.

Мыз ТІуатІэ хуэдэ зауэлІ хахуэхэм я фІыгъэкІэ, ар зыхэта 10-нэ гвардейскэ фочГъуэ дивизэм къыфІащауэ щытащ тІэунейрэ Краснознаменэ, Невский Александр, Вагъуэ Плъыжь орденхэр зезыхьэ Печенгскэ дивизэ.

ЕбГъэрыкІуэныгъэхэр здекІуэкІыж, лейтенант нэхъыщІэ Мыз ТІуатІэ и ПІасхъэщІэх ротэр Польшэм и Торунь къэзым дыхьащ, псэзэпылъхьэпІэм зэритым хуэдэуи «бэзгу» гъэр къащІыну яхуэзфІэкІащ. А къалэр бийм къыЗэщІахьжа нэужь, ТІасхъэщІэхэхэм псомкІэ къэрал дамыгъэхэр, командирым Хэку зауэ орденым и 2-нэ степеныр къыхуагъэфэщащ.

1945 гъэм и мазаем Вислэ-Одер зэхэуэр и кІэм нэблагъат. Ирахужьэжа бийми хуэзфІэкІ къыимыгъанэу къызэуэкІыпт. А лъэхъэнэ дыдэм нэмыщэ артиллерием къахиутІыпщхьа шэм Мызыр етІуанэу уІэгъэ къыщІащ. Абы зыкъыщІэжаеу госпиталым щІэлъу, ТекІуэныгъэ Иным и хъыбарри къыІэрыхьащ.

1945 гъэм Мыз ТІуатІэ зыщащІахуа и жылэжьым къигъэзэжащ, и бгъэм къэрал дамыгъэхэр хэзу. Абы къухуагъэфэщат Хэку зауэ орденым и 1, 2-нэ степенхэр, ЛІыхъужьыгъэм и орденыр, «Германием зэрытекІуам папщІэ», «Совет Заполярьер зэрыхьумам папщІэ» медалхэр. Апхуэдизу зауэр лІыгъэшхуэ хэпльу кьезыхьащІа Мыз ТІуатІэ и цІэр нобэ Псыгуэнсу и уэрамхэм ящыщ зым зэрехьэ.

КИМ Надеждэ.

Махуэшхуэм зыхуагъэхьэзыр

ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 70 щрикъум екъэлІауэ волонтер гулъэр къызэгъэпэщыныжьмкІэ урысейпсо акцэхэм пащэ.

МЫ махуэхэм Налшык дэт МОУ СОШ №5-м щеджэхэм захуигъазащ, псалъэмакъ щхьэхуи ядригъэкІуэкІащ волонтерхэм я корпусым и щІыналъэ уэзщІакІуэ Іэзубэч Аэзмэт. Ар зэхэщІыкІыгъуэу тепсэлъыхьащ зи гугъу тщІы махуэшхуэр гъльэпІэным жыджэру хэтын волонтер къыщІэкІыжа нэужь, ар зыхэта 10-нэ гвардейскэ фочГъуэ дивизэм и ІэнатІэ щыІэ Іуащхьэ зауэ гуащІэхэм ящыщ зым щыхэкІуэда командирым и пІэм иувари, зауэлІхэр иришэжьащ. Мыз ТІуатІэ. А зэхэуэм ар уІэгъэ хьэлъэ щыхъуауи щытащ икІи госпиталым щІэлъу къыжраІащ ЛІыхъужьыгъэм и орденыр къызэрыратар.

УІэгъэщым къыщІэкІыжа нэужь, Мызыр Беломорск дэт тІасхъэщІэхэр щагъэхьэзыр курс кІэщІхэм ягъэкІуащ. Ар къызэриухыу ТІуатІэ хагъэхьащ Петсамо фин къалэм ягъакІуэ гупым. ПІасхъэщІэхэхэм пщэрыльэ къыщІэІуа Іуэхур ягъэзэщІащ, «бзагуи» къахьащ. Абыхэм ящыщІагъэща щэхум и фІыгъэкІэ Петсамо-Киркенесскэ операцэр къызыхуэтыншэу кърахьэлІауэ щытащ. Мыз ТІуатІэ хиубыдащ бгылъэ щІыпІэхэм щызэузыным хуагъэхьэзыра 20 нэмыщэ армэм пэувахэми. 1944 гъэм и фокІадэ мазэм ар зыхиубыда зауэр псом хуэмыдэу игу кьинэжауэ щытащ абы: Кариквайвиш бгым щебгъэрыкІуар, Валаейоки псым зэрызэпрыкІар, Луостари, Печенгу жылагъуэхэр къызэращтэжар. Гугъуехьышхуэ 1944 гъэм фокІадэм и 13-м Титовскэ псым и дежщІзэхэуэу, нэмыщІдзэр ди штабым гъунэгъуу щекІуэлІари.

Петсамо-Киркенесскэ зауэ гуащІэм советыдзэр КъуэкІыпІэмкІэ километри 150-кІэ кІуэтащ икІи хуит кьищІыжащ Петсамомрэ Норвегием и ищхъэрэ щІыпІэхэмрэ. Абдежьрщ а щІыналъэр зэрыпхъуэкІуэхэм къыІэщІакьыжьым щыщІидзар.

Мыз ТІуатІэ хуэдэ зауэлІ хахуэхэм я фІыгъэкІэ, ар зыхэта 10-нэ гвардейскэ фочГъуэ дивизэм къыфІащауэ щытащ тІэунейрэ Краснознаменэ, Невский Александр, Вагъуэ Плъыжь орденхэр зезыхьэ Печенгскэ дивизэ.

ЕбГъэрыкІуэныгъэхэр здекІуэкІыж, лейтенант нэхъыщІэ Мыз ТІуатІэ и ПІасхъэщІэх ротэр Польшэм и Торунь къэзым дыхьащ, псэзэпылъхьэпІэм зэритым хуэдэуи «бэзгу» гъэр къащІыну яхуэзфІэкІащ. А къалэр бийм къыЗэщІахьжа нэужь, ТІасхъэщІэхэхэм псомкІэ къэрал дамыгъэхэр, командирым Хэку зауэ орденым и 2-нэ степеныр къыхуагъэфэщащ.

1945 гъэм и мазаем Вислэ-Одер зэхэуэр и кІэм нэблагъат. Ирахужьэжа бийми хуэзфІэкІ къыимыгъанэу къызэуэкІыпт. А лъэхъэнэ дыдэм нэмыщэ артиллерием къахиутІыпщхьа шэм Мызыр етІуанэу уІэгъэ къыщІащ. Абы зыкъыщІэжаеу госпиталым щІэлъу, ТекІуэныгъэ Иным и хъыбарри къыІэрыхьащ.

1945 гъэм Мыз ТІуатІэ зыщащІахуа и жылэжьым къигъэзэжащ, и бгъэм къэрал дамыгъэхэр хэзу. Абы къухуагъэфэщат Хэку зауэ орденым и 1, 2-нэ степенхэр, ЛІыхъужьыгъэм и орденыр, «Германием зэрытекІуам папщІэ», «Совет Заполярьер зэрыхьумам папщІэ» медалхэр. Апхуэдизу зауэр лІыгъэшхуэ хэпльу кьезыхьащІа Мыз ТІуатІэ и цІэр нобэ Псыгуэнсу и уэрамхэм ящыщ зым зэрехьэ.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

Нобэ Ауанымрэ гушыІэмрэ я дунейпсо махэщ

Зым жиІи фи фІэщ фымыщІ

***Іыхлыхэм, благъэхэм, ныбжьэгъухэм нобэ дэгушІэ хабзэщ. Ар ятп дыдэу къыщыунэхуар дэтхэнэ къэралрами иджы зыри щыгъуэзэжкъым. Тхыдэм къызэрыхэщыжымкІэ, мэлыжьыхьым и 1-р нэхъапэм ягъэлъапІэу щытащ гъэрэ щІыпэ щызэхэкІ махуэу. МафІэщхьэтыхьыр, нэгъуэщІу жьпІэмэ Илъэсыщ Іэр, сыт щыгъуи гушыІэрэ ауанкІэ гъэнщІат. А махуэшхуэм и хабзэхэр иджыри кІуэдыжакъым. Абы щхьэусыгъуэ хуэхъуэуэ къалъытэр щІыуэпсым и щытыкІэрщ, гъатхэ уэшхырилэр, уэтІпсытІыр, махуэ нэщхъеифэхэр ауанрэ гушыІэкІэ ягъэдахэрт...*

Араущ, яныныкъуэхэр иджыри пщыхьэщхьэм йогупсыс я Іыхьлыхэр, благъэхэр, ныбжьэгъухэр «къызэрагъэпІэнym». Адрейхэм пщыхьэщхьэм къалэн зыщащІыж къыкІэлъыкІуэну махуэр мэлыжьыхьым и 1-р зэрыларар зыщамыгъэгъупщэну, зым и жьи я фІэщ ямыщІыну, зыкърамыгъэгъупщІэну. Ауэ а псоми емыльэтауэ а махуэм и пщэдджыжьым щыщІэдзауэ жаІэ псори зи фІэщ хъуэхэр мащІэкъым...

ЗэрытщІэщи, мэлыжьыхьым и 1-м гушыІэхэми, зыдэгушыІэхэми куэду дарохьэлІэ. А махуэм къэунэхуа гушыІэхэм ящыщу дуней псом нэхъ цІэрыІуэ зыдъыуауэ 100-р къагъэлъэгъуащ. Ахъуэдэхэщ Пизан чэщанэр «къызэрыуам», вымпІу «къэзыльэтыхьхэм» ятеухуауэ телевиденэм къита репортажхэр, нэгъуэщІхэри.

Урысейм гушыІэмрэ ауанымрэ я махуэм и къыхуеджэныгъэ нэхъыщхьэр «Мэлыжьыхьым и 1-м зым жиІи уи фІэщ умыщІ!» псалъэхэращ. Араущ а махуэм Іэмал имыІэу зыгуэр гуапэу къэбгъэпцІэн хуейуэ къыщІалъытэр. Армыхъумэ, махуэр пщІэншэу кІуащ...

Ди лъэпкъ литературэм и мащІэхъуам, гушыІэ рассказхэр, миниатюрэхэр, усэхэр. Абыхэм ящыщ зыбжанэ фи пащхьэ идольхьэ.

ТІинэ-сыринэ

Ти-и-и, къэсащ, тхьэ, школым и лэжьыгъэр къэзыпщытэнухэр. И «шыкІэ мафІэ егъэуарэ», и авторучкэжьри шиияэ... Къэсари хэт жьпІэмэ, зы щІалэ абрагъэужь, тхьэ, и плІэжьыр метриті зэбгъуэнаТІэрэ и пэрэ хуэбэнан формэу. Ари уафэм етарэ, фІэдзапІэ хъарзынэ хъуну. И унэцІэ дыдэри жылэм ещхьт езым: - Двуденевскэ.

Ти-и, дызэбгъэдегъэтысхьэ, тхьэ, тІури: сэ, Шхазифовэ Баринэ - и ижьырабгъумкІэ, си ныбжьэгъу, си лэжьэгъу Хапащинов ТІинэ - и сэмэгурабгъумкІэ, тхьэ. Икіи зэуэ щІидзауэ ещІ, ещІ мыгъуэри ещІ, тхьэ - ди цІыкІуэм ятха контрольнэхэм кІуэцІ-ролпІэ. Дэри доплъ, доткІу, дошынэ, докІэзыш. Алыхьталэм игу къимыгъэкІкІэ, ахъумэ «уитІ!» жиІэмэ, «уай!» - жьгТІэу дыуКІуриину дыхьэзырщ, тхьэ.

Дыхудолтыеі. ІэшипкІэ къыжгъэкІыну Іэбэху дыкъоскІэ, «щІыр ІэгуфэкІэ къыдогъаз» мыгъуэ, и авторучкэ папцІэжьу кІуэдыжьныр Іэшибкэм хиІуху ди гущхьэм къыхиІуу къытщохъу мыгъуэри дыщысщ, тхьэ. Дызоплъыж, вэпще: «танк» уи якум дэту фІы уигу щыщІэнт!

- Сыт, тхьэІуухдхэ, фи пэ лъы ивжжауэ щхьэ фыщыс? ЖьыфІэ зыгуэр, - зы къызэкъуепхъуэтри къыхоуэ, тхьэ, «танкыр» урысибзэкІэ.

- Еуэ, еуэ, вэ адэкІэ, уэ сэ сльагъум тхьэІуухуду дунейм тетым нэхърэ щыуарэ-гъэщІауэ зы Іэшипкэжь цІыкІу нэхъ къыбощтэ, тхьэ? - пыІоздыж. Ауэрэ классым ятхаэр и кІэм негъэс, дэри иманыр тІэкІу нэхъ къытщъхьэщохьэж, цІыху формэм нэхъ дыкъохьэж. Абы хэту:

- Баринэ, - жи ТІинэ, - тхьэ, чеснэу жьпІэн, удэкІуэнт мы дяку дэсым, вдруг упэмыпІъауэ къыздэкІуэ жиІамэ?

- Уи жьэ банэ Іураулъэф, ТІинэ-сыринэ, мыбы уэрехъуэпсэн дунейм теткъым, тхьэ, мыдэ мо и пэу плъагъур турник папщІэу пщэдджыжьКІэ удэпщеІукъепщІыхьу къзбгъэсэбэпын фІэкІа... Уэри, тІасэ цІыкІу, тутын бамэм ибгъэдимыгъэхьэрэ, самопалыр къыІурицыщІыну.

Ещі иджыри Двудеревскэм проверят, и авторучкэ папцІэжь мыгъуэри мэлажьэри-мэлажьэ. Езыри, сын гъэжащи, ухуейми кІий, ухуейми еІунщІ - псэууэ пщІэркъым, тхьэ!

- Тобэ, ярэби, сыту бэлъыхь мыхъужьыну укъыттрипхьэт уэ нобэ! Узижгъэуэну-сызижгъэуэнум кЬриут уэ пхуздэлІ занудэнудэ! - сыкъыщеуд, абы хэтуи, «танкым» авторучкэжьыр егъэтІылъыжри:

«АтІэ, хъыдджбзхэ, цІыкІуэми лэжьыгъэхэр мыІейуэ ятхащ, фэри гуГъу фызэрезГъэхьар къыхсхуэвГъэгу!», - жеІэ тхьэ, Двудеревскэу пльа-гъум адыгэбзэ къабзэкІи, тетрадхэр блэгущІэм щІэлъу щІокІыж, тхьэ, дэ дызэпльыжу дыкъегъанэри.

КУМЫЩ Абдул.

Хьэлэмэт

ДИ ХЬЭБЛЭМ дэсщ зы цІыхубз, Хьэлимэт жари. ГушыІэшхуэ зэрыхэлъым щхьэкІэ хъунщ - абы и нэхъыбэр къыззреджэр Хьэлэмэтщ. Ар щІигушыІэм и деж зы гуауэ лъэпкъ и нэгум инЛъагъуэркъым и гъащІэр мытынш пэтми: и щхьэгъусэри дунейм ехьжащ пасэу. И адэ-анэм я гугъу умыщІыххэ. И дэлъху закъуэри щІипльхьэжащ. АтІэ ар гъунэгъу фызхэм къахьхьамэ, мыгушыІэу зэрахэмытынур ящІэри, абы и гъунэгъуу псори щызэхуос.

- Уа, Хьэлэмэт, дыгъуасэ бззэрым уцыслъэгъуат, хьэмэрэ?.. - жиІэщ зым.

- А мыгъуэ, а уэ пщІэ си лІыжьыр кхъэ бжьхь джабэм къыІут уи гугъэкъэ, Аслъижан, джэд къысхуэщэху, жиІэу, мы дуней фЫгъуэр къысхуигъэнаэу сыхэс и гугъэжу. Зы джэдыжь хуэзуКІынщи гъунэгъуэхэм къесхьэкІынщ, жысІэри джэд щэху сыкІуати, пыл уасэ жаІэ, на, джэджьейм.

Псори мэдыхьэшх.

- Хьэлэмэт, уа Хьэлэмэт, ари зыгуэр хъунщ, ауэ Джэрий делэ уриГъуэсу уздэкІуэр дэнэт, Іей, зы махуэ? - къеупщІынщ къэгъуэт зы фыз гуэри.

